

# Conférence Episcopale d'Haïti CEH

56, Angle Rues Piquant et Lamarre, Champ-de-Mars, HT 6110, Port-au-Prince, Haïti (W.I.)

Tél. : (509) 3701-2232 / 3701-2215 / 3388-7304

e-mail : ceh56@hotmail.com / URL : <http://eglisecatholiquedhaïti.org>

## Mesaj Evèk legliz katolik ayiti yo voye pou pèp Bondye a: Pè yo, mè yo, frè yo, fidèl layik yo ak tout moun ki gen bòn volonte Nan okazyon ouvèti Jibile 2025 la.

Frè n ak sè n yo nou renmen anpil yo,

«Esperans nan p ap janm twonpe nou» (*Women* 5, 5). Se ak menm pawòl sa a ki kòmanse dokiman Pap Franswa mete deyò pou anonse Jibile 2025 nan, nou menm, Evèk katolik Ayiti yo, salye nou yon lòt fwa ankò nan moman sa a ki toupre fèt Nwèl la. Reyèlman vre, jan nou te di sa nan dènye Mesaj nou an, n ap prepare nou pou nou antre, anvan lontan, nan yon ane Jibile òdinè. Yon ane Pap Franswa di ki sen dapre yon ansyen tradisyon Legliz la genyen ki jwenn sous li nan liv Levitik chapit 25 pran nan vèsè 8 rive vèsè 13. Nou gen abitud selebre li chak 25 lane. Nou pa bliye Jibile ane 2000 la sou Pap Jan Pòl II ki te antre Legliz la nan twazyèm milènè istwa li.

Ane Jibile 2025 sa a gen pou tèm : “Pèleren lesperans”. Li vin tounen, pou nou menm Ayisyen, Ayisyèn, nan sitiasyon sosyo politik peyi nou an ap viv la, yon bon moman jan Sen Pòl te di moun Korent yo: «*Nan bon moman an, mwen te koute lapriyè w, nan jou delivrans lan mwen te pote w sekou. Men bon moman an kounye a, men jou delivrans lan* » (2 *Korentyen* 6, 2). Se moman toutbon vre a pou nou « espere kont tout esperans » (*Women* 4, 18), paske lespwa pa konn bat ba devan difikilte. Lè a rive pou nou tounen, pou pèp sa a y ap toupizi a, vrè pèleren ak temwen lesperans, nou menm : evèk, pè, relijye, relijyez, fidèl layik, gason ak fanm ki gen bòn volonte, otorite Leta ak Lapolis, reskonsab enstitisyon imanité ak karitatif.

Kisa nou kapab ofri kòm sinyal lespwa ? Premye siy nan, sa ki pi enpòtan an, se lapè pou nou tabli, sa vle di retounen ak sekirite, remete lajistis kanpe, goumen kont gwo diferans sosyal, akonpaye fanmi ki kouri kite kay yo, konsa lavi ap kapab reprann kous nòmal li.

Nou envite, yon fason espesyal, tout fidèl katolik yo pou yo pwofite Jibile sa a toutantye nan fè zèv mizerikòd espiyèl (konsole moun ki nan lapenn, padone moun ki fè nou kichòy, envite moun ki nan peche yo konvèti, elatriye) ; fè zèv mizerikòd pou kò a tou (bay moun ki grangou yo manje, ede malad yo, vizite prizonye yo, elatriye). Se konsa n ap kapab jwenn endiljans, padon pi fasil pou peche nou yo, ki se fwi ki soti nan makfabrik tout Ane Sent atravè divès aktivite ak selebrasyon relijyez ki pral fèt nan chak dyosèz.

Men kèk nan dat enpòtan pou nou kenbe, pou yon seri enstans nan chak dyosèz konplete. Dyosèz yo gen dwa pote chanjman nan dat sa yo.

29 desanm 2024	Ouvèti ofisyèl Jibile a.
1-2 fevriye 2025	Jibile moun ki konsakre yo.
11 fevriye 2025	Jibile malad yo.
17 avril 2025	Jibile evèk yo, pè yo ak djak yo.
26-28 me 2025	Jibile seminaris yo.
27 jen 2025	Jounen jibile nasyonal nan okazyon fèt patwonan Nòtredam Pèpetyèl Sekou.
1-3 dawout 2025	Jibile katechis ak sakristen yo.
21-23 novanm 2025	Jibile Jèn yo.
28 desanm 2025	Kloti Jibile a.

Frè n ak sè n yo nou renmen anpil la, tan yo difisil, men pawòl Bondye di nou se nan moman eprèv sa yo nou dwe bay temwayaj esperans lan ki nan nou an. Se nan lannwit dezespwa limyè lesperans klere.

Nou swete nou pase yon bon lane Jibile nan kominyon, pataj ak travay pou lapè.

Mesaj sa a soti nan Kay kote Evèk Katolik peyi Ayiti yo konn reyini, Lilavwa, jou ki 21 desanm 2024 la.

Men siyati Evèk Katolik Ayiti yo :




Monseyè Max Leroys MESIDOR  
Achevèk Pòtoprens  
Prezidan CEH



Monseyè Pierre André DUMAS (Ospitalize)  
Evèk Ansavo ak Miragwan  
Visprezidan CEH




Monseyè Joseph Gontrand DECOSTE, SJ  
Evèk Jeremi  
Sekretè Jeneral CEH



Monseyè Désinord JEAN  
Evèk Ench  
Ekonom CEH




Kadinal Chibly LANGLOIS  
Evèk Okay  
Konseye




Monseyè Marie Erick Glandas TOUSSAINT  
Evèk Jakmel



Monseyè Launay SATURNE  
Achevèk Okap Ayisyen



Monseyè Charles Peters BARTHELUS  
Evèk Pòdepè




Monseyè Yves Marie PEAN, CSC  
Evèk Gonayiv



Monseyè Sander LOUIS-JEAN  
Evèk Oksilyè Pòtoprens



Monseyè Quesnel ALPHONSE, SMM.  
Evèk Fòlibète



Monseyè Wismick JEAN-CHARLES, SMM.  
Evèk Oksilyè Pòtoprens

